



**City of Cambridge**

# **Enfòmasyon pou Rezidan ki Granmoun**

Rezidan ki granmoun (60 lane ak plis) gendwa anba pi gwo risk COVID-19 (kownaviris). Si w se yon granmoun, redui risk ekspozisyon ak COVID-19 (kownaviris):

- Rete lakay ou nan mezi ke sa posib
- Konsève omwen yon distans sis pye ant oumenm ak lòt moun lè w nan piblik
- Evite kontak rapwoche ak moun malad
- Evite gwo foul ak rasanbleman ak vwayaj ki pa nesèsè
- Pratike bon liyèn pèsònèl: lave men w souvan pandan omwen 20 segonn, evite touche zye w, nen w, ak bouch ou ak men w si yo pa lave, epi dezenfekte sifas ke w touche souvan lakay ou.

Si oumenm oswa yon moun ou renmen gen yon fyèv 100.4°F (38°C) oswa pi wo, ap touse, oswa gen souf kout, kontakte doktè w oswa rele liy ijans Massachusetts nan 2-1-1. Pou ijans, rele 9-1-1.

Pou anpeche pwopagasyon COVID-19 (kownaviris), Senior Centers (Sant Granmoun Aje) Vil Cambridge ak Council on Aging (Komisyon sou Vyeyisman) ap fèmen jiska nouvèl òd. Nou ka adrese kesyon jeneral nou yo bay liy prensipal Council on Aging (Komisyon sou Vyeyisman ) la: 617-349-6220.

Pou plis enfòmasyon sou enpak [COVID-19](https://www.cambridgema.gov/covid19) (kownaviris) nan Cambridge, vizite [www.cambridgema.gov/covid19](https://www.cambridgema.gov/covid19).

## **Resous Manje**

Cambridge Community Food Line (Liy Manje Kominote Cambridge) ap fè livrezon manje chak semèn bay rezidan ki pa kapab jwenn aksè ak sous manje.

**Rele 617-349-9155 pou enskri oswa vizite [www.cambridgema.gov/covid19/food](https://www.cambridgema.gov/covid19/food)**